


# RETE AN SEKIRITE.

KONNEN KISA KI PASE.

SA SEKOURIS YO  
BEZWEN KONNEN SOU  
KWAZMAN RAY TREN



## KONNEN KISA KI PASE:

NAN ETAZINI, GEN YON TREN KI FRAPE YON MOUN OSWA YON OTO CHAK 3 ÈDTAN.

TREN YO FÈ MWENS BWI EPI YO PI RAPID PASE SA OU KWÈ - SE TREN SÈLMAN KI DWE KOURI SOU RAY YO.

YON TREN MACHANDIZ MWAYEN K AP KOURI NAN YON VITÈS 55 MIL ALÈ KAPAB PRAN YON MIL OUBYEN PLIS POU LI RETE - KIDONK LONGÈ 18 TEREN FOUTBÒL.

ÈSKE OU WÈ RAY?  
SONJE TREN!

## PRAN DESIZYON POU SEKIRITE:




### JANBE LEGALMAN AK AN SEKIRITE

Sèl kote ki legal ak an sekirite pou nenpòt moun janbe yon ray tren, se nan kote yo make pou moun janbe. Toujou respekte avètisman ak siyal pou danje yo. Toujou gade si gen yon tren k ap vini, anvan ou kontinye.

### FÈ YON JAN POU OU PA BLOKE

Anvan ou travèse, veye byen pou gen ase plas sou lòt bò a pou ou fin janbe ray yo nèt. Lajè tren yo depase ray yo. **Lè w ap kondwi, kite omwen 15 pye distans ant devan ak dèyè veyikil ou a avèk ray ki pi pre a.** Pa sèvi avèk levye chanjman vitès la pandan w ap janbe yon ray.



### KANPE TANN, GADE NAN TOUDE DIREKSYON

Toujou sonje kapab gen yon tren k ap vini. Tren yo kapab pi pre, epi yo kapab ap kouri pi vit pase sa yo parèt, epi yo kapab kouri sou nenpòt ray nenpòt kilè. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di plizyè tren. **Gade byen si ou ka wè aklè jouk nan fen ray yo nan toude direksyon, anvan ou kontinye.** PA JANM travèse pandan limyè yo ap mouri ak limen, oubyen lè baryè a bese. Pa janm eseye kouri pase devan yon tren.

### SÒTI! RETE LWEN! GADE KOTE SIYAL BLE AK BLAN AN YE

**Si veyikil ou kole oswa bloke nan yon kwazman, fè tout moun soti ak rete lwen touswit,** menm si ou pa wè yon tren. Rele nimewo ki sou Sistèm Notifikasyon Ijans Ble ak Blan an (ENS, ki vle di "Emergency Notification System"), epi bay estandadis la nimewo idantifikasyon (ID) pou kwazman an. Ou pa wè okenn afich? Rele 911.



# KONNEN AFICH AK SIYAL YO

## PLIZYÈ RAY TREN

Lè gen plizyè ray tren. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di gen plizyè tren. Gade byen si ou ka wè aklè jouk nan fen ray yo nan toude direksyon, anvan ou kontinye.

## BESE BARYÈ, AK LIMYÈ WOJ K AP MOURI AK LIMEN

Gen yon tren k ap pwoche (menm si ou pako wè li). Pa kontinye jouktan limyè yo etenn epi baryè a monte. Li ilegal epi sa gen danje, si ou pase sou kote baryè ki bese.

## PASAJ A NIVO

RETE TANN si gen yon tren k ap pwoche. Tren yo toujou gen dwa pasaj.

## LIMYÈ WOJ K AP MOURI AK LIMEN

RETE KANPE pandan limyè a ap mouri ak limen. PA kontinye jouktan limyè a sispann mouri ak limen. Si limyè a kòmanse mouri ak limen pandan ou deja kòmanse janbe ray tren an, kontinye pase.




## SISTÈM NOTIFIKASYON IJANS (ENS KI VLE DI "EMERGENCY NOTIFICATION SYSTEM")

Sa a, se premye nimewo telefòn ou dwe rele si gen yon veyikil ki bloke oubyen ki pran pàn sou ray yo. REMAK: Chak afich avètisman gen yon nimewo ID pou pozisyon li, ak yon nimewo telefòn ki diferan.

Sèvi avèk ENS la tou pou fè rapò si gen moun, veyikil, oswa debri sou ray yo, oubyen si gen afich oswa siyal avètisman ki domaje, oswa kote moun pa kapab wè.

## SIYAL KI TRASE ATÈ

RxR ansanm ak yon liy blan laj ki trase sou wout la vle di ou pral rive nan yon kwazman ray tren. Rete dèyè liy blan ki montre kote pou kanpe a, pandan w ap tann trenn an pase. Pa gen liy ki montre kote pou kanpe? Rete omwen nan yon distans 15 pye avèk ray ki pi pre a.



## POU VEYIKIL KI BA JANBE NAN YON KWAZMAN

Kwazman ki monte wo pi devan an. Si w ap kondwi nempòt veyikil ki ba - tankou yon platfòm ba, yon otobis, yon kamyon, yon oto pou espò, oswa yon trelè - gen danje pou veyikil la rete bloke sou ray yo. Pa kontinye jouktan ou sèten veyikil la pral kapab janbe anlè ray yo.

## AVÈTISMAN DAVANS

Ralanti, gade, koute, epi pare pou ou rete. Anjeneral, se premye avètisman ou wè, lè ou pral rive pre yon kwazman pou ray tren.



# SEKOURIS YO SE YON PATNÈ KRITIK NAN SEKIRITE RAY TREN.

**KIT SE POU REPONN LÈ GEN YON KA,  
KIT SE POU ANPECHE ENSIDAN YO RIVE,  
TOUJOU RETE ATANTIF NAN KOTE YON  
WOUT KWAZE YON RAY TREN.**

Ray tren yo konsidere tankou pasaj aktif, ki okipe, jouktan gen enfòmasyon konpayi ray tren an ki konfime trafik tren an rete. Li enpòtan anpil pou sekouris ak estandadis yo konnen chak kwazman pou ray tren genyen yon siy Ble ak Blan ENS ki gen yon nimewo 800 espesyal, ansanm ak yon nimewo idantifikasyon.

Konpayi ray tren yo dwe avèti touswit si genyen nenpòt bagay ki rive sou oubyen toupre ray tren yo. Sekouris ki rive nan kote ki gen yon ka dwe pare pou yo bay estandadis yo nimewo 800 an, ak nimewo idantifikasyon kwazman an si se yon ka ijans.

## REFLECHI DAVANS

Antisipe wout ou pral fè. Pa rete bloke nan rete tann yon tren, lè gen yon ijans.

OLI bay yon Fòmasyon nan Ankèt ak Sekirite pou Ray Tren (RISC, ki vle di “Railroad Investigation and Safety Course”) gratis pou sekouris yo, pou aprann yo teknik sekirite lè y ap reponn pou yon ka nan kote ou toupre kote ki gen ray, ak pou aprann kouman pou yo prezève sekirite nan yon kote ki gen yon ka.

**POU PLIS ENFÒMASYON, GADE NAN ADRÈS OLI.ORG.**

## PWOCHÈ AVÈK PREKOSYON

Ralanti lè w ap pwoche yon kwazman ray tren. Gade epi koute si gen tren k ap vini. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di gen plizyè tren. Epi sonje byen, tren yo kapab soti nan nenpòt direksyon.

Veye pou konpayi tren an avèti, epi aktivite tren yo sispann anvan anplwaye oswa ekipman kapab ale sou ray yo oswa toupre yo.

Lè w ap pote sekou toupre yon ray tren, estasyonnen veyikil yo nan yon distans omwen 15 pye avèk ray ki pi pre a. Pa janm estasyonnen yon veyikil sou yon ray oswa toupre li.

## AJI POU PWOTEJE SEKIRITE

Kit se ou k ap ede yon lòt moun, kit se pwòp veyikil ou ki kole oswa tonbe an pàn sou ray yo, **toujou fè tout moun soti nan veyikil la touswit.** Si gen yon tren k ap pwoche, pran distans avèk ray yo nan yon ang 45 degre avèk direksyon tren k ap vini a pou debri pa vin frape w.

**Jwenn kote siy Ble ak Blan ENS la** afiche nan kwazman an oswa toupre li. Rele nimewo ki ekri sou afich la. Bay nimewo idantifikasyon kwazman an, pou konpayi tren an konnen kote ou ye. Fè rapò sou pwoblèm lan.



## ENFÒMASYON SOU OPERATION LIFESAVER:

OPERATION LIFESAVER SE YON MISION POU EDIKASYON SOU PREKOSYON AVÈK RAY TREN, KI RESEVWA SIPÒ NAN MEN MOUN KI DEVWE. OBJEKTIF NOU, SE POU FINI AVÈK KOLIZYON, LANMÒ, AK AKSIDAN SOU AK TOUPRE LIY AK RAY POU TREN.

- **Prezantasyon vityèl ak an pèsonn gratis** nan tout Etazini.
- **Pwogram leson anliy (eLearning)** pou chofè pwofesyonèl, ak sekouris, ak chofè otobis lekòl.
- **Ale nan adrès oli.org** pou pran randevou pou yon prezantasyon, oswa pou jwenn materyèl sou sekirite, oswa pou ou enskri kòm volontè ak divilge kanpay enfòmasyon piblik, oswa videyo, oswa lòt bagay ankò.

## EDE FINI AVÈK TRAJEDI SOU RAY TREN

Konnen kisa ki pase.

Pran bon desizyon.

Pataje mesaj la.

**OLI.ORG**

**SWIV NOU SOU REZO SOSYAL**

**(800) 537-6224**



**OPERATION LIFESAVER®**

**Rail Safety Education**



**Massachusetts Bay Transportation Authority**

**Edikasyon sou Prekosyon avèk Ray Tren**

Copyright © 2021 Operation Lifesaver, Inc. Tout dwa rezève.